# Joqarı oqıw orınlarına hújjetlerdi onlayn qabıllaw qashannan baslanıwı málim boldı

Image not found or type unknown

Joqarı oqıw orınlarına hújjetlerdi onlayn qabıllaw 20-iyunnan baslanadı. Bul haqqında ÓzR Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi Prezidenttiń búgingi ótkerilip atırǵan videoselektor jıynalısında bildirgen usınısları tiykarında xabar berdi.

Eki háptelik múddette qosımsha mámleketlik grant tiykarında (jeńillikli) qabıllaw parametrleri tastıyıqlanadı.

Bıyıl 1,5 millionnan asdam jaslar joqarı oqıw orınlarına kiriw ushın hújjet tapsırıwı kútilmekte.

Bıyıl birinshi márte 9 mámleketlik emes joqarı oqıw orınlarında 22 baǵdarda studentlerdi oqıtıw ushın 500 mámleketlik grant ajıratıladı.

Sonday-aq, Prezident bıyıl joqarı oqıw orınlarına qabıllaw sanı ótken jılǵa salıstırǵanda 13 procentke kóbeytilip, 181 mıń adamǵa jetkeriliwin málim etken.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi.